



Pou Piblikasyon Imedya: 02/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE RATIFIKASYON AKÒ TRAVAY 7 ANE A AVÈK
SENDIKA LAPOLIS, COUNCIL 82**

Kontra a apwouve avèk prèske sipò total manm Council 82 yo

Council 82 a gen ladan sipèvizè koreksyon, lapolis ak sekirite atravè Eta New York

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ratifikasyon yon akò travay sèt ane avèk Sendika Ofisye Lapolis Eta New York, Council 82, AFSCME, AFL-CIO. Akò a, ki prale jiska 31 mas 2023, te jwenn apwobasyon 94.7 pousan manm Council 82 ki te vote.

"Akò kontra sa a konpanse nan fason ki jis ak apwopriye gason ak fanm Council 82 ki travay di yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Mwen aplodi manm sendika yo pou vòt yo pou akò sa, ki rekonèt travay enpòtan ke manm Council 82 yo reyalize chak jou nan sèvi Nouyòkè yo".

Kontra ratifye a, ki kouvri sipèvizè koreksyon, lapolis ak sekirite yo nan Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè, Biwo Sante Mantal, Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmantral ak lòt ajans yo, gen ladan yon ogmantasyon 2 pousan nan salè pou chak ane akò 7 ane a. Kontra a gen ladan tou lòt ogmantasyon pou konpansasyon ak chanjman nan asirans sante ki koyeran ak lòt akò Eta a te antann.

Prezidan Council 82, Ronald Walsh, te deklare, "Se yon akò ki jis ak responsab ki nan pi bon enterè tout moun ki konsène - Eta New York, kontribiyab yo ak manm nou yo - epi vòt ki reflekte reyalyte sa. Sa konkli yon kontra yo t ap tann depi lontan, epi li demontre gwo sipò ak angajman Gouvènè Hochul pou anplwaye koreksyon ak sante piblik Eta a yo ak misyon yo. Council 82 a trè rekonesan tou pou asistans Prezidan AFSCME, Lee Saunders, ak tout ekip AFSCME New York la pandan pwosesis negosyasyon yo. San yo menm, bon kontra sa pa t ap rive posib".

Council 82 a reprezante plis pase 3,000 ofisye koreksyon, ofisye lapolis, cherif adjwen, repatitè ijans ak lòt pèsonèl sekirite piblik la atravè Eta New York, sa gen ladan anviwon 450 Lyetnan Koreksyon, Ofisye an Chèf Pwoteksyon ak Sekirite, epi Sipèvizè Lopital Sekirite nan inite negosyasyon sa.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418